

## **Konsèy pou Jistis Anviwònmantal (EJC)**

**Rankont #6**

**Lendi 21 Novanm 2022**

**9:30 AM**

**Pwosè Vèbal Rankont lan**

Lye rankont lan: Konferans Anliy sou Zoom

Dokiman pou rankont lan: [Ajenda](#), [dyaporama](#), [pwosès vèbal rankont lan \(11/09/2022\)](#)

### **Manm nan Konsèy ki prezan:**

- Marcos Luna
- Melissa Ferretti
- Caroline Hon
- Kalila Barnett
- Peter Maathey
- Lydia Lowe
- Ari Zorn

**Manm Pèsonèl EOEA ki prezan:** Rishi Reddi, Vallery Cardoso, Carline Lemoine (Biwo EJ)

Rankont lan te kòmanse a 9:30 am.

### **Byenvini ak Apèsi Lojistik Rankont lan**

Rishi te asete tout panelis ak patisipan yo byenvini. Li te bay yon apèsi sou lojistik rankont lan, ki genyen ladan kazyè kesyon ak repons (Q&A), ak disponiblite entèprèt yo. Yo te mande manm konsèy la pou mete non yo nan tchat la.

### **Apèl pou prezans; Apwobasyon pwosè vèbal rankont presedan an**

Vallery Cardoso te rele non manm Konsèy EJ yo pou prezans. Nan kòmansman rankont lan, manm Konsèy ki annapre yo te prezan: Marcos Luna, Melissa Ferretti, Caroline Hon, Kalila Barnett, Peter Maathey, ak Lydia Lowe.

Rishi te mande kòmantè oswa amannman nan pwosè vèbal sou rankont 9 Novanm 2022 a. Marcos te fè kòmantè ke li te apresye enklizyon kòmantè piblik la nan pwosè vèbal la. Li te mande si nou te ka mete non moun ki te fè kòmantè yo tou. Vallery te reponn ke nou kapab.

Pa te genyen okenn lòt kòmantè. Rishi te bay lapawòl pou yon mosyon pou adopte pwosè vèbal amannman Marcos la pou mete non moun ki fè kòmantè yo.

Mellisa te deklare pou yo adopte l. Lydia te apiye pwopozisyon an. Rishi te fè yon vòl pa apèl.

### **Anons yo**

Rishi te anonse pwochen sesyon ekout piblik an pèsòn ak sesyon ekout piblik Estrateji EJ yo. Yo planifye yo pou 15 Desanm 2022, 6-8 pm nan the UMass Amherst Center, 1500 Main Street, Springfield, MA epi 19<sup>Jan</sup>vye, 6-8pm nan batiman Minisipal Bolling lan nan, 2300 Washington St., Boston, MA. Enfòmasyon sou sesyon aditans yo ak fason pou soumèt kòmantè yo disponib isit la: <https://www.mass.gov/info-details/eeas-draft-environmental-justice-ej-strategy>

### **Estrateji EEA EJ: Diskisyon ak/oswa Kesyon sou Revizyon EJC**

Rishi te mande manm konsèy yo ki mezi ajans EEA yo ta dwe itilize pou mezire pwogrè yo epi ki lòt inisyativ EJ ki ta dwe genyen an komen nan ajans yo? Sa yo ki swiv la se te kòmantè manm konsèy yo:

Lydia: Li t ap vrèman enpòtan pou konnen ki depans ak konbyen depans, pa sèlman sibvansyon yo, y ap fè nan diferan kominote nan tout eta a.

Rishi: Chak depatman te ka pran yon angajman pou fè analiz sa a nan kad estrateji EJ yo a.

Rishi te pwopoze yon machaswiv pou EJC revize pwojè Estrateji EJ a. Manm EJC yo pral soumèt kòmantè yo bay manm pèsònèl la ki pral konpile kòmantè yo pou diskisyon nan rankont 12/13/2022 a. Yo pral kreye yon dezyèm dokiman. EJC pral vote pou soumèt kòmantè yo nan rankont 1/26/2023 li a. Manm konsèy yo te diskite sou apwòch sa a epi li te dakò ak yo.

*Ari Zorn te rejwenn rankont lan a 9:57 am. Akoz yon pwoblèm ak Zoom, rankont lan te fè yon ti kanpe a 10:00 am. Rankont lan te rekòmanse a 10:07 am.*

Kalila te mande si nou te ka itilize yon pati nan rankont 13<sup>De</sup>sanm nan pou tande kòmantè piblik la sou pwojè Estrateji EJ a. Rishi ak lòt manm konsèy yo te dakò ak sijasyon sa a.

### **Analiz Konplè Definisyon "Popilasyon EJ": Te kontinye Diskisyon an (Kilès / Kisa ki manke nan aktyèl definisyon Popilasyon EJ a?)**

Manm konsèy yo te kontinye diskisyon nan rankont presedan an pandan y ap revize kòmanse anvan yo. Lydia te fè kòmantè ke nou ta dwe panse pou genyen yon lòt seksyon anplis pou moun Endijèn yo nan definisyon an olye nou debarase nou de gwoup ti zile resansman yo.

Après diskisyon an te ale sou kritè metriz limite nan Anglè (LEP) sou definisyon EJ a. Marcos te fè kòmantè ke LEP se youn nan bagay ki plis predi kote pou jwenn chaj anviwònmanal nan eta a.

Caroline te poze kesyon sou kijan kominote yo ka mande deziyasyon antanke EJ.

### **Kesyon /Kòmantè nan Piblik la**

Kesyon ak kòmantè piblik la te fòmile yon fason vèbal epi atravè kazye Kesyon ak Repons (Q&A) sou Zoom nan. Yo se jan yo swiv la:

Sarah Freeman: Tout pwojè yo dwe egzamine ak yon lantiy EJ a. Ta renmen jwenn konsèy sou fason pou pote atansyon nan yon pwojè espesifik.

<b>Kesyon yo te Soumèt Atravè Kazye Q&amp;A Zoom nan:</b>			
<b>#</b>	<b>Kesyon</b>	<b>Non Moun ki Poze l la</b>	<b>Repons</b>
1	Sou baz eksperyans mwen nan Massa Novanm nan. Komisyon sou Jesyon Anviwònman la ki te sèlman bay aksè pou kòmantè piblik sou eleman yo nan ajennda rankont lan, mwen t ap espere ke rankont EJC MA. Nan dat 13 Desanm nan t ap bay konfrè yo yon dyalòg ki gen mwens kontrent sou enkyetid EJ yo. Lè mwen te patisipe nan yon rankont Konsèy EPA EJ a, te genyen anpil enteraksyon ak manm yo sou enkyetid piblik la ak manm yo nan Konsèy la (ki pa egziste nan rankont MA. EOEEA a ki vrèman sere pa moderatè MA. EOEEA a ak manm pèsònèl la).	David Dow	te reponn an dirèk
2	Mwen apresye tout bèl refleksyon ak kesyon nou te pataje yo jiskaprezan. Mwen te rive anreta nan rankont lan akoz pwoblèm blokis, sa vle di mwen pa sèten si yo te reponn kesyon mwen an deja, epi si yo te fè sa mwen eskize m. Konsènan sibvansyon/finansman kominotè yo, èske yo pral devlope plis pwogram ak regleman pou ede ANPECHE aktivite ak biznis ki andomaje kominote yo ki anpeche yo fonksyone, olye de mete fado a sou jwenn yon solisyon aprè domaj la te fin fèt nan kominote yo?	Wendy Morrill	te reponn an dirèk

### **Pwochen Etap ak Ranvwaye Seyans lan**

Marcos te dakò pou ranvwaye seyans lan. Melissa te dakò. Tout manm konsèy yo te vote wi. Rankont lan te ranvwaye a 11:03 am.